ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№175 (22.333) ● 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Автомобиль зекIуапIэр етIанэгъэ и кIэм ятынущ

КъБР-м и премьер-министр Гертер Иван фокIадэм и 6-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуэ 22-м щызэпльащ. Правительствэм и зи чэзу зэхуэхьэм щIидзэ и пэ кIыхьуэ, абы къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюз организацэхэм я зэгуэхьныгъэм и унафащIу хаха Амщокъуэ ФатIимэт, Гертер Иван кIыхьнэщащ профсоюзхэр Правительствэм зэрадрэгъур, лэжьакIуэбзм я кIыхьэрыцкъэшыжакIуэр икIи а дзыхьар зрагъэзащ ЭнватIэщIэм ехьулIэныгъэ ирыльагъуэхэр щIэну ехьуэхьуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумкIэ, кадрхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и кудамэм и унафащI Власов Александр кIыхьилъхьэри, зэIущIэм щыхэплъащ 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я къэрал граждан къулыкъущIэхэм я щIэныгъэмрэ Iэзэгъэмрэ хэгъэхуэныгъэ теухуа къэрал заказым и Правительствэм и унафэм и проектым икIи зэдзэрэзыуэ ар къащтащ.

Зэхьыхьэм щедзIуащ Урысей Федерацэм и Президентым ищIа пщэрылъхьэ, и унафэхэр зэрагъэзэщIамрэ гъэзэщIакIуэ дисциплинэр зыхуэдэмрэ екъулIауэ экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ министр Мусуков Алий жиIахэм. Абы кызэригъэлъэгъуамкIэ, мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэ, Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэр бюджетым щыуБыхуахэм хуагъэкIуэжащ. Гергер Иван ЭнатIэм я унафэщIэхэми яхуиГъэзэщIауэщ а лэжьыгъэр я дежь щызэфIагъэкIыну.

Зэхьыхьэм Правительствэм и языныкъуэ актхэм, унафэхэм, къэрал программэхэм, республикэ программэ хэхахэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ. Къызэхуэсахэм даIыгъащ «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым кьратыну субсидиемэ теухуауэ Федеральнэ гъэзэгу агентствэм иращIылIэ зэгурыIуэныгъэм и проектыр. А ахъшэмкIэ Нартсанэ - Нарзыныпсхэм я Ауэ-Джылы-Су - Iуащхьэмахуэ автомобиль гъэзэгу ухуэныр и кIэм нагъэсынущ. Агентствэм мы гъэм а Iуэху сом мелуан 394-рэ мини 142,9-рэ, етIанэгъэ мелуан 349-рэ мин 274, 3-рэ хуэхьынущ. Республикэм и Правительствэм и ильэс зэкIэлыкIуэхэм сом мелуани 137,8-рэ мы проектым хилъхьэнущ. КъызыхуэтыншIэу хьэзыр ящIу, гъэ дзыхьэкIуэм и кIэм гъэугур ятын хуейщ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Бакъ Николай кIыхилъхьэри, республикэ бюджетым и хьэкъкIэ зыдэIэпыкъунуэрэ ягъэбелджылащ. Ахэр цIыхуи 5-мэщ.

Правительствэр хэплъащ «ЛЭжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрат щIыкIэм игъуэта зэхьуэкIыныгъэхэм. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм и жэрдэмкIэ, ар зыхуагъэфащэ цIыху щхьэхуэхэм я бжыгъэм кIыхьагъэхьуащ. Апхуэдэущ дзэ къулыкъумрэ къэрал къулыкъумрэ я ветеранхэу дамыгъэрэ стажрэ зиIэхэр, бынитху, нэхъыбэ къэзылъхуу зыпIа, зи страховой стажыр илъэс 15 хьу анэхэу СССР-м, УФ-м, КъБР-м я къэрал дамыгъэхэр зратахэр.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ цIыхубз узэдэгъуэгъэр, сабий цIынэ зыгъашхэхэр. Ильэсищым нэс зи ныбжь сабийхэр къэрал и хьэкъкIэ ерыскъы тэмэмкIэ кьызэгъэпэщыным теухуа законым и проектым. Уынышагъэр хуумэнымкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ КIэнщIэлий Анатолэ зэрыжиIамкIэ, гулыт зэхэта ягъуэтынущ псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеIм хуэдэ фIэкIа нэгъуэщI хэхьуэ зимыIэ цIыхубзхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ.

Зэхьыхьэм къыщащтащ 2012 - 2016 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым бруцеллезыр профилактикэ зэрыщащIынум и план зэхэтыр, апхуэдэу щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ щIыкIэпсэхэм я хэщIапIэхэр ягъэбеллджылащ.

НэгъуэщI Iуэхугъуэхэми щыхэпльа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ Ерчэн Темболэт, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, къэрал комитетхэм я унафощIхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Журтхэр лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и телъхьэщ

● КъБР-м и хьэщIэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унэм щыIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа, Журтхэм я урысейпсо конгрессым и президент Каннер Юрий. ЗэIущIэм щытепсэтыхьащ Урысейм нс журтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу гъэпкъэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным пыщIа Iуэхуэм.

ЖУРТХЭМ я урысейпсо конгрессыр къэралым щыIэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэ нэхъыжь дыдэхэм, апхуэдэу псапащIэ фонд нэхъ инхэм ящыщщ. Абы и лэжьыгъэр хуэунэтIащ лъэпкъым и хабзэм, щIэныгъэм зегъэужьыным, нэхъ хуэмышIэхэм защIэжьэкъуэным. «Дэ хэхауэ гуэлыпГэ худощI Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу журтхэм ядэпэкъуным, мы щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэмрэ зэдэлэжьныгъэмрэ зегъэубгъуным, гъэбыдэным», - къыхигъэщхьэхуэкIащ Каннер Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр хьумэным республикэм и унафэщIхэм я нэIэ зэрыт-ригъэтыр: «Ди республикэм лъэпкъ куэд щопсэу икIи ахэр зэгурыIуэу, зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу щыпыныр псоми нэхьрэ нэхъыщхьэщ. Дэ щыхуэхэр къызыхэкIа лъэпкъым е зэрыт диным еГьытауэ зэхэдгъэжьркъым, дэтхэнэ лъэпкъми и хабзэ нэхъыщхьэр щыхуГьэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэщ. ПсапащIэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIым и деж дин зэмылIэужьыныгъэхэм итхэм зыщIагъакIуэу. Апхуэдэу ди деж мэжджыт, члисэ щащIащ, синагогэр щызэрагъэпэщыжащ. Ахэр сэ Iуэху тэмэму кIыхьольэтщ. Властыр сытым дежи елэжьын хуейщ жылагъуэр зэкъуэгъэувэным».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащ IапIэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

УпщIэхэм жэуап ирет

Фильмхэр Урысейм щытезыхьну къэкIуа франджы режиссер Мун Винсент и лэжьыгъэ кIэщIхэр фокIадэм и 7-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм утыку къыщрихьащ.

КОММЕРЧЕСКIУ щымыт «Russian Project by Vincent Moon» проектым хыхьэу, ипэкIэ Налшык щагъэлъэгъуэу щытащ режиссерым и лэжьыгъащ. Иджырейхэр налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я пащхьэ къыщрахьэм, зэIущIэм зыкъригъэхьэлIат езы Мун Винсент. Ар фильмхэм тепсэльыхьащ, къызэхуэсахэм я упщIэхэм жэуап иритащ.

БЛИЙ Даянэ.

Дунэйм и щытыкIэхэм

ДерсыщIэр къыхах

АДЫГЕЙ. ***ФокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ школхэм щеджэнущ «Дин щэнхабзэмрэ светскэ этикэмрэ я пльафэкъэр» дерсыр. ЕплIанэ классым щIэс цIыкIухэм папщIэ абы тхьэмахуэ зэхуэхуэм зы сыкът куэдкIынущ.***

АДЫГЕЙМ и школакIуэхэр абы теухуа унэтIныгъащ «Светскэ этикэм и пльафэкъэр», «Православнэ диным и пльафэкъэр», «Дунейпсо дин щэнхабзэхэм я пльафэкъэр» - хэдэну Iэмал яIэщ. Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Хъуажь Iэминат зэрыжиIамкIэ, еджакIуэхэм я процент 60-м светскэ этикэм и пльафэкъэкр кIыхахащ. Адрей унэтIныныгъэхэр кьыхэзыхахэри куэдщ. ДерсыщIэхэр нэхъ зытегъэщIауэ щытынур диныр мыхъуу, щэнхабзэщ.

ШколакIуэхэр пщIэ щIамыту тхьилъхьэмкIэ кьызэрагъэпэщащ. Ахэр ирагъэджэнущ зыхуеину Iэзагъ зиIэ, абы хуэгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм. Дерсхэм кьрагъэблагъэну я мурадщ школакIуэхэм я адэ-анэхэр, жылагъуэ гупхэм я лIыкIуэхэр.

Темрезовыр я пашэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м и Правительствэм и унафэщI КIэбышэ Индирис щIыпIэкIуэкIащ «Кавказ джэгуэхэр» спорт-щэнхабзэ фестивалым зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ правительствэм хэтхэмрэ, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ кьызыркьэлIа зэIущIэ.***

ФИЗКУЛЬТУРЭМКIЭ, спортымрэ туризмымкIэ министр Лайпанов Мурат республикэм и командэ кьыхэхар фестивалым эрэрыхуэхьэзырым, КъШР-м и лIыкIуэу абы хэтынухэм кьыззохуэсахэр щыгъуазэ ищIащ. Зэ-IущIэм щытепсэльыхьащ фокIадэм и 27-30-хэм Налшык щекIуэкIыну фестивалым хэтынухэр абы зэращынум, КъШР-м и хьэбгъэдэкI лъэпкъ пщIантIэ абы кьызэрыщызэрагъэпэщынум, нэгъуэщIхэми.

Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыкIуэу «Кавказ джэгуэхэр-2012» фестивалым къэкIуэнухэм я пашэщ щIынальэм и унафэщI Темрезов Рашид.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Илъэсищ лэжьыгъэр къапщытэж

● Лъэпкъ Iуэху

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зэIущIэ фокIадэм и 8-м Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы щыхэпльэжащ блэкIа илъэсищым эффективэкIэхэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий, абы и япэ кьуэдзэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Жаным Руслан, КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэм я IуэхуэкмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Пащты Борис, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхуэкмкIэ и министр Хьыжьрокъуэ СультIан, УФ-м Iэнтхьэшапхъуэ IуэхуэкмкIэ и кьулыкъущIапIэм КъБР-м щиIэ Iуэхущапи Iэм и тхьэмадэ Сокъуэ Олег, ООН-м и комиссар нэхъыщхьэу Москва щыIэм и лIыкIуэ Салеев Иван, «Жор Плъыжь» дунейпсо комитетым и кьудамэу КъБР-м щылажьэм и унафэщым и кьуэдзэ Болэ Анзор, Сирнем, Иорданием, Тыркум, Шапсыгъым, Абхъазым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр, СХЪР-м къикIыжка адыгэхэм я лIыкIуэхэр.

ДАХ-м и комитетхэм я унафэщIхэмрэ щIыпIэ зэмылIэужьыныгъуэхэм щыIэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я тхьэмадэхэмрэ 2009 - 2012 гъэхэм ящIа лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэтыхьащ, апхуэдэуи Хасащхьэм хэтхэр кьытеувыIащ Сирием щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я Iуэху зыIутым, абыхэм ядэIэпыкъуныжкIэ мы зэманым ирихьэлIэу зэфIэкIахэм, Адыгэ фащэм и махуэ хэубыдыкIа гъэувыным, адыгэбзэм теухуауэ Тыркум щекIуэкIыну конференцым, Урыс-Кавказ зауэр зэриухэр ильэсиз 150-рэ 2014 гъэм зэрырикъунэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну дзэпащэхэм, нэгъуэщIхэмк.

Хасащхьэм хэтхэм зэдзарэзыуэ Мэздэгу Адыгэ Хасэр ДАХ-м хагъэхьэну кьагъэлъэгъуащ.

Зэхуэсыщхьэм теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэм папщIэ

2012 ГЪЭМ фокIадэм и 1-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм и Iуэхущ1апIэ псоми етIанэгъэ я япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьынуэм Iэ трегъэдзэным щыщIадзащ.

Фыдзэныхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къебгъэхьну Iэ щытебдзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэм кьыдэкIыну щывэзытыжьну шэсипIэу кьэув пощт IэнатIэхэм.

ДАХ-м и комитетым и унафэщIхэмрэ щIыпIэ зэмылIэужьыныгъуэхэм щыIэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я тхьэмадэхэмрэ 2009 - 2012 гъэхэм ящIа лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэтыхьащ, апхуэдэуи Хасащхьэм хэтхэр кьытеувыIащ Сирием щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я Iуэху зыIутым, абыхэм ядэIэпыкъуныжкIэ мы зэманым ирихьэлIэу зэфIэкIахэм, Адыгэ фащэм и махуэ хэубыдыкIа гъэувыным, адыгэбзэм теухуауэ Тыркум щекIуэкIыну конференцым, Урыс-Кавказ зауэр зэриухэр ильэсиз 150-рэ 2014 гъэм зэрырикъунэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну дзэпащэхэм, нэгъуэщIхэмк.

Хасащхьэм хэтхэм зэдзарэзыуэ Мэздэгу Адыгэ Хасэр ДАХ-м хагъэхьэну кьагъэлъэгъуащ.

Зэхуэсыщхьэм теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

И пIалъэм къытIасэу

Iуащхьэмахуэ районым и жылагъуэхэм муниципальнэ гъэзэгу километри 8,9-рэ щызэрагъэпэщыжащ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ кьащта списокэм ипкъ иткIэ, Тырныауэз кьалэм, Гундэлэн, Лэшкlутlэ, Былым, Бахьсэн Ипщэ, Бедык кьуажэхэм щыIэ кхьэм я екIуэлIапIэхэр зыхуей хуагъэзащ. Республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 3-м щIигъу а Iуэхум зэрыхухахам папщIэ, щIыпIэхэм щыпсэухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуащI. Кьуажэдэсхэм кьыззэралытэмкIэ, я деревнIэ мыхьэнэзыж зиIэ гъэгугъэр зэрызэрагъэпэщыжар жылагъуэхэм зезыгъэужь зи чэзу Iуэхугъуэщ. КьищынэмыщIауэ, ремонт лэжьыгъэ псори фIагъ хэльу и чэзум зэфIэзэгъэкIа Iуащхьэмахуэ гъэгугъуэу Iэнатlэм и лэжьакIуэхэми фIыщIэ хуащI.

Нэгъабэ Тырныауэз кьалэм, Мусукаевым и цIэкIэ щыIэ уэрамым гъэугугу метр 3360-рэ щызэрагъэпэщыжащ, Нейтринэ, Терскол поселкэхэм, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, метр 2000-м, 4000-м асфальт щытралъхьащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Прохладнэ куей

IэнатIэм и зэфIэкIхэр

Комсомольскэ жылагъуэм щызэхэт «Отбор» агрофирмэр лъэ быдэкIэ ящ IэнатIэхэм хабжэ. Ар щыщащ ильэс пчъагъэ лэжьыгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ дунейпсо Iэмалыфlхэр. КуууэкIэ къэгъэсэбэпыным иужь ихьахэм.

1991 ГЪЭМ къызынэха мы Iуэхущ1апIэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэр гъавэ жылапхъэщIэхэр къэгъакIыныгъэ абыхэм я щытыкIэм кIэльыплъныныр, Агрофирмэм щIэныгъэ и лъэныкъэкIэ кIи гъэсэбэпу щIы гектар 2537-рэ иIэщ. Абы щыхасэ нартыху гибридхэр, гуэдз, хьэпщIий лIэужьыгъуэщIэхэм драгъэкIуэкI гъэунэхуныгъэхэм кьыззэралъагъуэм япкъ иткIэ, ди щIыпIэм сыт и лъэныкъуэкIи сэрэныну жылапхъэфIхэр кьыхах.

«Отбор» агрофирмэр иджырей зыхуей зыхуэфIхэмкIэ кьызэрызэгъэпэщам Iэмал гъуэгуэщжэхэрэн къарет. Къапщтэмэ, иджыпсту хозяйствэр йолажь езым кьиригъэкIа нартыху гибрид лIэужьыгъуэу 6-м. Ахэр псори къэрал кьэпщытыныгъэм ехьулIэныгъэкIэ пхыкIащ. ЩIэныгъэлIэр иджыри нартыху лIэужьыгъуэу 2-м кIэльопхъ.

Предприятэм щолажьэ цIыху 50. Абыхэм ящыщу 7-р зи Iэщ1агъэм фIыуэ зэзыщIыкI агрономэщ, 10-р механизатор Iэкlуэлъакlуэхэщ. Зэфlэкlыфlкlэр зиIэ Iуэхущ1апIэм мыхьэнэ ин иIэщ ди республикэм и мэкъумэщ IэнатIэхэр гъавэ жылапхъэфIхэмкIэ къызэрэпэща хъунымкIэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зыхуейхэр ягъэув

● Аруан куей

«Эрпак» ЗАО-р ди республикэм и IэнатIэ нэхъ инхэм ящыщщ.

ИДЖЫРЕЙ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ кьызэрэпэща Iуэхущ1апIэм игъэхьэзыр гофрокартон, гофротарэ лIэужьыгъуэхэм щIэрэпщIэхэу щаIэш ди республикэм, илъэс куэд гьандэрэ мыбы и Iуэхутхьабзэр кьэзэзыгъэсэбэп нэгъуэщI щIыпIэхэрэми.

Заводым и унафэщI Ерчэн Жамболэт я екъулIаныгъэ нэхъыщхьэу кьинльытэр мэзхэм хэлъэбгъ жыгхэм хэщIыныгъэ ирамыту Iэнатlэр тхьилъыпIэжьым елэжьыным зэрытраухуарц. Кьагъэсэбэпа картонныгъэ ирадаIуэ Iэмалхэмрэ технологиехэмкIэ кьагъэщIэрэщIэжри, щэхуакIуэхэр зыщIэупщIэну мардэхэм тет картон джафэхэр, зэгъэпэлъхьэр кьыхащIыкI.

Дыкъэзэыухъуреихь дунейм и экологием зэранигъэ лъэпкъи иримыхьу, «Эрпак-р я зы мазэм кьрыубыдэу тхылъымпIэ тонн 1200-м ирилъэж. Заводым и цеххэм Италием, Швейцарием, Китайм кьыщащэуа зыхуей-зыхуэфIхэр щагъэуващ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, зы мазэм кьыщIагъэкI гофрокартону метр зэбгъэзанатIэ мелуани 3.

Предприятэм мы зэманым и кьалэным фIыуэ хэзыщыкI Iэщ1агъэлу 150-рэ егъэлажьэ икIи нобэ иIэ зэфIэкIхэм зэрыхигъэхьэным нужь итщ. Мыбы игъэхьэзыр картон пхъуантэ гъэщIэрэщIэхэр ди республикэм и сату щIапIэхэм, ерыскъыхэкIхэм, хадэхэкIхэм щелэжь Iуэхущ1апIэхэм гъунэжу кьыдэкIыгъэ-бэп.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

● Шэджэм куей

Ухэныгъэм йоужьрэкI

Нартан жылагъуэм дащIыхь прокьутурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ комплексым и ухуэныгъэм йоужьрэкI.

2011 ГЪЭМ къраГъэжьа мы унэм и лъабжьэр идкьыблагъэ гъэтIылъын яухауэ, блыныр зэрыдращIенным нужь итщ. СпортымкIэ комплексым хэтынущ бэнэкIэ хуитымкIэ, IэпщэрыбанэмкIэ, футболымкIэ, волейболымкIэ кьудамэхэр.

Гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зиIэ мы IэнатIэм Нартаным и мызакъуэу, гъуэнэгъу жылагъуэхэм щыпсэу щIалэгъуалэми щадолэжьэну апхуэдэ Iэмал яIэнущ.

«Нартаным хуэдэ къуажьхэм Спортымкlэ унэдэмытныр кьезэгъыртэкым. ДяпэкIэ дыгугъэщ ди жылагъэмэ республикэми ехъулIэныгъэфIхэр кьахуэзыхьын спортсменхэр мыбы щагъэсэну», - жаIэ жылэм и унафэщIхэм.

СпортымкIэ унэр 2013 гъэм хьэзыр хъуну мэгугъэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

Дунейм и щытыкIэхэм

Иракыр мафIэм зэщIещтэ

Тхьэмахуэ махуэм Иракым террор Iуэхугъуэ тIощIым щIигъу щылэжьащ.

Хьэрэкъэм я зэдзэ «Аль-Джазира» телеканалым къызэриТамкIэ, абыхэм цIыхуи 100-м щIигъу хэкIуэдащ, куэд дыдэм фэбжь ягъуэтащ.

ЩIэпхъаджагъэ нэхъыбэ дыдэ щалэжьар Багдад километр 300-кIэ пэжыжьэ Амар къалэрщ. Шиит мэджджытымрэ бззэрымрэ пэгъунэгъуу, абы лагъым пльащIт къыщагъэуащ. А щыпIэхэр цIыху кIуапIэу зэрыщытым къыхэкIыу, куэд хэкIуэдащ.

Ираныр и Iэтащхьэ Саадам Хьусейн традзу США-м и дзэхэр зэрямэзэрэ я къэралыгъэм дин, лъэпкъ зэращIэтыныгъэр абы нэхъ гуащIэж щыхъащ. Иджырей щIэпхъаджагъэр къызыхэкIар араугъэхащ.

Кубэм и нэхъыбэр уэздыгъэншэу къэнат

Кубэм и къалащхьэ Гаванэрэ абы и куей зыбжанэрэ дыгъуэсжащ уэздыгъэншэу къэнащ.

Псори зэхэту а хьитIыгу къэралым щыпсэуам и нэхъыбэр нэху щыхъкIэ кIыфIым хэсащ. ЭлектроэнергиякIэ къызэзыгъэпэщ «Уньон Электрика» компаниемкI къызэриТамкIэ, щхьэусыгъуэ аварие кьэхъуу токыр зэрыкIуэ кIапсэхэм ящыщ зыбжанэ зэуэ зэрызэтрисхьащ. УэздыгъэкIэ щIыхуэхэр къызэгъэпэщыжыным ехьэлIа лъжьыгъэхэр еужьэрэкIыну йокIуэкI.

Апхуэдизу щIыху электрокъару ямыIэу нэхъапэм Кубэм къыщыкIар 2006 гъэрат. Абы щыгъуэм сыхьэтищым щIигъкIэ къэралым и къухьэпIэр уэздыгъэншэу щытат.

Мелуанхэр зэкIэщIэзыупщIахэр

2010 гъэм Ванкувер щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэм зырыкуягъэхьэзырыну икIи ирихьэтыну ди спортсменхэм хуэхэсу мылькым щыщ Iыхьэфl куэлыкъущIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэхадыгъужащ.

УФ-м и Следственнэ комитетым и официальнэ лIыкIуэ Маркин Владимир дыгъуасэ зэрыжиIамкIэ, сом мелуан 20 здэмыкIуэхьэмкIэ яунэтIауэ къыщIэгъащIащ. Ар зэрыхэм ехьэлIа уголовнэ Iэуху къаIэтащ.

Иужьу зэхэта ЩIымахуэ Олимпиадэм трагъэкIуэда мылькым щыщ куэд зэрызэхадыгъуэр Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм нэхъ пасэу щаубзыхуат. Араущ Iуэхур зэхиГъэкIыну Следственнэ комитетым зыхуэзыгъэзари. НэгъуэщI сом мелуан 200 кьулыкъущIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэкIэщIауплIат. АрщхьэкIэ ар зэхэт зэрапшынэжам кьыхэкIыу, я гугъу ящIакъым.

ЕплIэщIэкIыу тралъхьа гъэзугъэр зэрагъэзэхуэж

АТЭС-м хьыхь къэралыгъуэхэм я саммит иджыблагъэ я деж зэрыщIекIуэкIам Приморьем егугъу зыщыкуагъэхьэзырящ.

ХьэщIэщхэр, лъэныжхэр, гъуэгугъэр яухуащ, кхъухьлъатэ тIысыпIэр зэрагъэпэщыжащ. Арщхьэкlэ, апхуэдэхэм кьызэрыщыхъу хабзэщи, еплIэщIэкIыныгъэм и зэрранкIэ, мыхъумыщIагъэ зэрэркIам ирилъэжащ. Къапщтэмэ, Къапщтэмэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Шувалов Игорь зэрыжиIамкIэ, Владивосток щыгъалъхьа гъуэгугъэм я фIагъым арэзы кьищIыркъым. Абы кьыхэкIыу ахэр зэрагъэзэхуэныну зи пщэ хьыдэхуэхэм кьалэн ящищащ.

НОБЭ

□ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хьыхь Нью-Йорк, Вашингтон кьалэхэм, Пенсильваниэ штатым террорист Iуэхугъуэ щынагъуэхэр 2001 гъэм щалэжьащ. Абы кьыхэкIыу США-м и Хэкупсэм и махуэр щагъэлапIэ.

□ 1943 гъэм Къуэныкъуэй Назир зауэ кьалэн иIэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икIи япэ нэмыцэ къухьлъатэр кьриудыхащ. Адэкlи Хэкур псэемыблэжщ. Зэрихъумам кьыхэкIыу, ижькIэ Совет Союзым и Лlыхъужь цIэр кьыфIащащ.

□ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз артист **Дэшу Хьэшыр** 1929 гъэм кьалъхуащ.

□ СССР-ми КъБР-ми я цIыхубз артист **Кобзон Иосиф** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур:

Пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Махуэм хуабэу градус 16 - 19, жэщым градуси 9-14 щыIэнущ.

ПлIанэр къыгъэзэгъар **ЖЫЛАСЭ Заурбий.**

Лъэпкъ Iуащхьэ:

Унагъуэ умыхъуу, къуажэ ухъункъым.

2020 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм театр лэжьыгъэм зыщегъэужьынымкIэ зэман кIыхьым тещIыхьа концепцэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м *№169-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм театр лэжьыгъэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ зыщегъэужьын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

2020 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм театр лэжьыгъэм зыщегъэужьынымкIэ зэман кIыхьым тещIыхьауэ мы Унафэм щыIэу концепцэр дыIыгьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ

ЖЫЛЭ Владимир

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Цыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм 2017 гъэм нэсыху зэрызаужьыну стратегием и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм шыщхьIум и 6-м *№180-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм 2017 гъэм нэсыху зэрызаужьыну стратегиеу мы Унафэм щIыгъур къэштэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ

ЖЫЛЭ Владимир

«ЛЖьапIэ IэнатIэхэм я щытыкIэмрэ абыхэм щыIэ шынагъуэшагъэмрэ егъэфIэкIуэныр» 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм шыщхьIум и 7-м *№187-ПП*

ЛЖьапIэ IэнатIэхэм фбжькъ къыщымыгъэхъун, абыхэм я щытыкIэмрэ шынагъуэшагъэмрэ егъэфIэкIуэныр» 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхауэ мы Унафэм щIыгъур (адэкI - Программэщ) къэштэн.

2. Мы Унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ахъшэкIэ къыбгъэдэхуэ кьалэнхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм езым зэфIегъэкI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкIкIэ икIи Программэр гъэзэщIным трагъэкIуэдэн папщIэ бюджет ахъшэр зыIэщIалъхьэм щыIэ хабзэхэм тету ягъэуэ мардэхэм кьриубыдэу.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкl Iэ и министерствэм (Быщэн А. А.) хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхилъхьэкIэ Программэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр кьилъытэну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм (Мусуков А. Т.) хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэ зыхуаутIыпщынхъэ республикэ программэ хэхахэм я спискэм Программэр хигъэхьэну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэралыр властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэувын, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, мылькур зыIэщIэлъым емыльытагъуэ - Iуэхущ1апIэхэм тэмджэщ етын Программэм кьыщыгъэлъэгъуэ Iуэхухэр гъэзэщIныр кьызэрагъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ГЕРТЕР Иван

Мамырыгъэрщ нэхъыщхьэр

ФокIадэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэр фашизмым и лей зытеохьахэм я дунейпсо фэепль махуэщ. Абы теухуа Iуэхухгъуэ иригъэкIуэкIащ республикэм ЩIалэгъуалэм я гугъуехьхэмкIэ и жылагъуэ институтым.

КIыхьэгъэпэщIакIуэ щIалэгъуалэ гупыр КъБР-м и Профсоюзхэм и уардэунэм дежь щыIэхуэсри, Дэшхуей жыг хадэм ит Хэкум и учIынигъэм зи гъащIэр щIэзыта комсомолецхэм я фэепльмкIэ яунэтIащ. Абыхэм фэепльым дежь щэху уэздыгъэ щIыкIуэкIэр щIипаIэнащ, удз гъэгъахэр трагъхьащ.

Мэкъуауэ Каринэ зэрыжиIэмкIэ, я мурад нэхъыщхьэр фашизмым щIыхум и хунтыныгъэр кьызэрыIэпиудыр, дуней псом и шынагъэшыагъэр кьэзыгъэтIасхъэу зэрыщытыр щIалэгъуалэм я деж нэхъысынырщ, хэкум и мамырыгъэм зи псэр щIэзыта сэлэтхэр ягу илъынырщ.

- Дэ тщыгъупщэ хъунукъым ди мамыр гъащIэр кьэзыгъэуа, абы зи псэр щIэзыта ди лъахэгъуэр. А псоми щIэбгъэр щыгъуазэу щытипхъэщ. Нобэрей Iуэхугъуэр япэу едгъэкIуэкIыу аращ. Ди мурадщ абы илъэс кьэс кьипытщну, республикэм и щIыпIэ псори, уеблэмэ нэгъэущ щыналъхэзэрри абы кьыхэтэщну, - жаIащ ЩIалэгъуалэм я гугъуехьхэмкIэ жылагъуэ институтым жьдэжэру хэт Дзэгъащтэ Аскэррэ Пащты Елдаррэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Бабаев Сулътlан ноби ящыгъупщэркъым

Кьыззэральхуэрэ нобэ илъэс 90 ирокъу кьызэгъэпэщакIуэ цIэрыIуэ, щIэпхъаджагъэм и бэнакIуэ ерыщ, милицэм и генерал-майор, илъэс 16-кIэ Къэбэрдей-Балькъэрым кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министр къулыкъым пэрыта Бабаев Сулътlан.

Ар зыцIыхуу щытахэм, дэлэжьахэм абы и ткIийгъымрэ я гъэдыхьэкIэмрэ, зыныгъыкIэр, и унафэм щIэтхэм яхунщIа гулытэр гуапэу ягу кьагъэкIыж.

Ар фIыкIэ зигу кьинахэм ящыщщ икIи и гукъэкIыжхэмкIэ кьыддэгуэшащ КъБР-м кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэмрэ кьэралыкIуэщIэхэмрэ я ветеранхэм и советым и унафэщI Думай Борис.

БАБАЕВ Сулътlан Къэбэрдей-Балькъэрым и тхыдэм зэрыхихьар республикэм къулыкъу щызыщIэу генерал цIэр япэу зэрырIащам (КъБР-м и щIыкIэ щыдэм кьулыкIуэ щащIащ, генералми нэсащ) и закъыкъыбзэм. Абы нэхьыбжэр (1961 - 1976 гъгъ.) КъБР-м кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министр кьалэныр езыхьэкIа щыIэкъым. Абы щыгъуэми сыт хуэдэ министру!

Гугъуехь куэд зи нэгу щIэкIаxэм, зыгъэзэвахэм ящыщщ Бабаевыр. Ауэ ар абы игъэдзыхакьым - зауэрэ мамырыгъэрэ, репрессие, цIыхубэм кьабгъэдэкI пщIэ, щIэпхъаджагъэхэм ягъэцIэтын, щIэныгъэлэжьыгъэ - и гъащIэ гъэзэуанэр кьикIуащ пэжыр и гъуаэзу, пщIэрэ щIыхьрэ пылъу.

Абы сытетхыхьыну зыщыщзгъэхьэзырым, сигу кьэжьжащ офицер щIалэу СССР-м и МВД-м и школ нэхъыщхьэм и инженер факультетым аджакIуэ загъэкIуауэ зэрыщытар. А зэманым псори щIэныгъэм дыхуэпабгъэт. Министрым си еджэнэр зэрекIуэкIыр зыщригъащIэм кьыхсхуигъэльэгъуащ: «Борис, инженер Iуэхур гугъуш. Кьэд щIауэ сиIэщ инженерсвязист ныбжьэгъу Гемуев Нухь. Абы сельэбунщ и нэ1э кьыгпригъэтыну». Унафэщым кьыхсхуищIа апхуэдэ гугъэр игъащIэкIэ си гум кьынащ.

Зи ныбжьыр илъэс 17 хьу щIалэщIэ Бабаев Сулътlан ледучилищэр кьиуха нэужь, щалъуха Белэ Речкэ кьуажэм тхыдэр, бзэр езыгъэжьа егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзаш. Арщхьэкlэ кьэралым зауэшхуэ шынагъуэр кьыщыхуэгъэкIуэн, Сулътlан шынагъуншагъэмкIэ кьэралкомитетым и оперуполномоченнэ мэхъу. АдэкIэ Хэку зауэшхуэм щыщIидзэм фронтым макIуэ. Абы гъащIэм и удын нэхъ хьэлъэр щызыхищIар 1944 гъэм и гъатхэпэрщ, щхьэусыгъуэншэу и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ Азие Курытым щагъэIэпхъуарщ. Абыхэм яужь ity езы Сулътlан Алма-Ата кьалэныгъэм, Къэзахъстаным и унафэщIэм лейтенант нэхъыбэ Бабаев Сулътlан кьалэным НКВД-м щыпищэныкIэ Iэмал щыIэу кьалытащ. Бабаевкlэ, 1949 гъэм, а зэманым кьаруушхуэ зиIа Берие Лаврентий Алма-Ата кIуащ икIи я хэкур зрагъэбгынау органым хэт псори эхэгъэкIыну яхуигъэуващ.

Бабаевыр аргуэру егъэджакIуэ мэхъуж - къэзахъ курыт школым тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ. 1956 гъэм и лъахэм, кьыщыхуэа и кьуажэм кьигъэзэжа нэужь, а лэжьыгъэм пищащ. А зэманым ирихьэлIэу балькъэрхэм я хуитныныгъэхэр зэтраухуэжу щIадзати, республикэ унафэщIэр лъэпкъ кадрхэм хуэныкьуэт. Бабаев Сулътlан республикэм кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министрым и кьудэзэ мэхъу майору, адэкIэ партым и обкомым и административнэ кьудамэм и унафэщIу. 1961 гъэм КъБАССР-м кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министр Щербаков Чита яГьакIуэрэ, абы и пIэм полковник Бабаевыр ягъэув.

АдэкIэ сыкьыетеувыIэнщ абы и гъащIэм щыщ гукъинэж пычыгъуэ зыбжанэм.

Зауэ: шынагъуэншагъэмкIэ кьэралкомитетым и сержант Бабаев Сулътlан езым и фIэфыныгъэкIэ зауэм макIуэ, взводым и командир мэхъури, и лъахэгъуэзу Петров Карпо, Шэджыхьэщ Мухьэмэд, Уянаев Мухьутар, Хужьокьуэ МуIэед сымэ, нэгъуэщIхэми ящыIгъуу хахуэу биим пэщIэтщ.

Кадрхэр: министр Бабаев Сулътlан лэжьакIуэхэм яхуэткIийщ, цIыхум и Iуэху зехьэкIэм и мызакъуэу, и зыныгъыкIэ-щытыкIэми гулытэ хуещI. Ныбжь зиIэ оперативникхэм ноби ягу кьокIыж щIэпхъаджагъэ хьэлъэ щалэжьа щIыпIэм ар (нэхъыбэм прокурорым щыгъуу) следствэ гупым япэ нэсу зэрыщытар, Iуэхур сэтей кьэщIыным хэтын папщIэ. Языныкъуэхэм ар зэхагъэкIыным суткэ бжьыгъэ щихь щыIэт. Дэтхэнэ зы лэжьакIуэри ещхьыщтэр езырат, ирехьу парт лэжьакIуэ, армэм и командир е еджапIэ нэхъыщхьэм кьыщIэкIа...

Ерышагъ: 60 гъэхэм КПСС-м и властыр псори кьызэщIэзыубыдэт икIи кьалэ, район комитетхэм я секретархэм зыри еIуэсэ мыхъуну кьалытэрт. Арщхьэкlэ, министр Бабаев Сулътlан и зэманым хабзэр кьызэрызэпаудам кьыхэкIыу, уголовнэ жэуапым ирашэлIащ икIи ягъэтIысащ райкомым и зы секретарь, район исполкомхэм я унафэщIхэр, парт бюром хэтхэм ящыщхэр. Республикэ МВД-м и дежкIэ хабзэр сыт щыгъуи дэтхэнэ кьулыкъым, званием нэхърэ нэхъыщхьэщ.

Цыхум яхуиIэ зэпыщIэныгъэ: Бабаев Сулътlан министр кьудейтэкъым, ар мызэ-мытIэу республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. Ар щIэхъщIэхьурэ щыIащ Зеикьуэ щыпсэу и хэхакIуэхэм я деж, цIыхухэм яIущIэрт, абыхэм я псэупIэ-коммунальнэ, социально-экономикэ, нэгъуэщI гугъуехьхэр, кIэщIу жыпIэмэ, цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей псори зэрызэфIихыным яужь итащ.

ЩIэныгъэ: балъкъэрхэм я лъахэм кьыщагъэзэжа япэ илъэсым Налшык щрагъэкIуэкIащ кьэрэшей-балькъэр лъэпкым я тхыдэмрэ я бзэмрэ зэхуэдэ щэнхабзэмрэ я фэепльхэр хъунэмэныкIэ и зэгухьэныгъэм и республикэ советым и тхьэмадэу щыIащ.

Бабаев Сулътlан КПСС-м и Налшык къалэ комитетым, цIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ советым и депутату мызэ-мытIэу хахащ. Илъэс 20-м кьриубыдэу ар 8-рэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым хахащ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и 4 - 9-нэ зэхуэсхэм я депутату щытащ.

Ар илъэси 10-кIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ советым хэтащ. 1962 гъэм дунейм кьытехьа «Балькъэр лъэпкым и тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей-Балькъэрым и Советхэм я властым папщIэ» (1967 гъ.) тхыльхэр зэхэзыгъэуавэхэм, ар зи Iэдакъэщ1экIэ щыIэ Налшык СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и нэIэм щIэту 1957 гъэм Налшык щекIуэкIа балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэм я тхыдэмрэ я бзэмрэ теуху Союзпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым доклад нэхъыщхьэ щызыщIахэм яхэтащ.

Абы и Iэдакъэщ1экIщ балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэр кьызыгетащIыкIам, осетин, балькъэр, къэрэшей бзэхэм яхэлъ зэтехуэзныгъэхэм, балькъэрхэмрэ къэрэшей-балькъэрхэмрэ я бзэм зиужьыным персибзэм щиубыд уыпIэм теухуа гугъуехь кьэдыр зэIубз зыщIа «Балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэм я тхыдэм, бзэмрэ диныкъэ я бзэмрэ теухуа упщIэхэм» тхыльыр, нэгъуэщI щIэныгъэ къыдэкIыгъуэхэр, монографиехэр, очеркхэмрэ статьяхэмрэ.

● Фэеплъ

Бабаев Сулътlан Къайтмырэз и къуэр 1922 гъэм фокIадэм и 11-м КъБАССР-м хьыхь Белэ Речкэ къуажэм кьыщалъхуащ. Абаим и цIэр зэрихьэу Алма-Ата дэт къэрал пединститутыр, РСФСР-м Жылагъуэ хабзэр кьызэгъэпэщыныкIэ министерствэм и школ нэхъыщхьэу Москва дэтыр кьиухащ.

Совет армэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэм и оперативнэ, унафэщI кьулыкъуэм илъэс 50-м щIигъукIэ кьалэныр щрихьэкIащ Бабаевым. Хэку зауэшхуэм жьдэкIэру хэтахэм ящыщщ. Милицэм и генерал-майорщ. Къэрал и орденрэ медалу 20, щIыхь тхыльхэр, абы КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьабгъэдэкIэрэ яхэту, кьыхуагъэфэщащ. СССР-м и МВД-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

Белэ Речкэ дэт курыт школым, Къэзахъ ССР-м и Алма-Ата кьалэм и курыт еджапIэ №3-м тхыдэмкIэ, бзэмрэ литературэмкIэ щриГъэджащ. 1957 - 1959 гъэхэм КъБАССР-м кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министрым и кьуадзэу щытащ. ИужькIэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр школым административнэ сату-финанс Iэнатlэм и кьудамэм и унафэщI кьулыкъым пэрытащ, илъэс 16 ящIэлагъэкIэ КъБАССР-м кьэралыкIуэ Iуэхухэмкlэ и министру щытащ.

1978 - 1980 гъэхэм Бабаевыр СССР-м и МВД-м и Школ Нэхъыщхьэу Налшык дэтым и унафэщIу лэжьащ. ИужькIэ Урысейм Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъунэмэныкIэ и зэгухьэныгъэм и республикэ советым и тхьэмадэу щыIащ.

Бабаев Сулътlан КПСС-м и Налшык къалэ комитетым, цIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ советым и депутату мызэ-мытIэу хахащ. Илъэс 20-м кьриубыдэу ар 8-рэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым хахащ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и 4 - 9-нэ зэхуэсхэм я депутату щытащ.

Ар илъэси 10-кIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ советым хэтащ. 1962 гъэм дунейм кьытехьа «Балькъэр лъэпкъым и тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей-Балькъэрым и Советхэм я властым папщIэ» (1967 гъ.) тхыльхэр зэхэзыгъэуавэхэм, ар зи Iэдакъэщ1экIщ балькъэр, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и нэIэм щIэту 1957 гъэм Налшык щекIуэкIа балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэм я тхыдэмрэ я бзэмрэ теуху Союзпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым доклад нэхъыщхьэ щызыщIахэм яхэтащ.

Абы и Iэдакъэщ1экIщ балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэр кьызыгетащIыкIам, осетин, балькъэр, къэрэшей бзэхэм яхэлъ зэтехуэзныгъэхэм, балькъэрхэмрэ къэрэшей-балькъэрхэмрэ я бзэм зиужьыным персибзэм щиубыд уыпIэм теухуа гугъуехь кьэдыр зэIубз зыщIа «Балькъэр, къэрэшей лъэпкъхэм я тхыдэм, бзэмрэ диныкъэ я бзэмрэ теуху упщIэхэм» тхыльыр, нэгъуэщI щIэныгъэ къыдэкIыгъуэхэр, монографиехэр, очеркхэмрэ статьяхэмрэ.

ТкIийми, цIыхугъэшхуэ зыхэлът

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм жылагъуэ шынагъуэшагъэр щыгъуазэ щыIэ и нэIэ щIэту кьокIуэкI. Хабзэхъумэр, къалэным щыпэрыт, зыщигъэнсху емыльытауэ, цIыхум и сэбэн зыхэлъхэр хъунэмэн хуэхьэзырщ. Абыхэм я лжьыгъэм кьрикIуэнур зыхуэдэр куэдкIэ елытагъ я пщрыль мытынщыр, унэтIныныгъэхэр зэзыгъэуIу, зыужьыщI унафэщIым.

ЩIэпхъаджагъэхэм я пэщIэтыным, республикэм и шынагъуэншагъэр, абы и мамыр псоукIэр кьызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэхэзыщIа хабзэхъумэ нэсхэм ящыщ илъэс 16-кIэ Къэбэрдей-Балькъэрым къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министру щыта милицэм и генерал-майор Бабаев Сулътlан.

Си дежкIэ пщIэщ, щIыхьщ, хуэдэр зырызщ жыхуаIэхэм ящыщ а цIыхутельыджэм сыхуэзэну, сыдэлэжьэну Iэмал зэрызгъэгъэтар. Бабаев Сулътlан и нэIэм щIэту кьалэныр щecхьэкIа илъэсхэм сриплъэжмэ, гуапагъэкIэ гъэнщIа гукъэкIыжхэр си куэдщ. ФIыр бгъэкIуэд, пщыгъупщэ хьэлънукъым, жаIэ. Зэ мыхъуми, а зэманым абы хуэза дэтхэнэми, Сулътlан гуапэу я гум къыхэзринар, зэращымыгъупщэр си фIэщ мэхъу.

Бабаев Сулътlан сэ къэсцIыхуащ 1969 гъэм. Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым механизацэмрэ электрификацэмкIэ и мэкъумэшх хозяйствэ факультетыр къэзухауэ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм сыщылажьэрт. Пщэрыль кьыщацIа механизацэмрэ электрификацэмкIэ инженер кьалэныр зэрыгъэзащIэм, си Iуэху бгъэдыхьэкIэм гу лъызыта, а зэманым министру щыта, пщIэшхуэ зиIэу кьекIуэкIа ХьэщIэлI Мухьэмэд си кьулыкъукIэ сыдригъэкIуэтейри, управленэм и унафэщI сащIат. Гушхуэныгъэ схэлъу зэгъэпэщыныгъэ Iуэхум яужь сихьауэ, маху я гурым Налшык кьалэм и парт комитетым сраджэ, кьэралкIуэ Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр кьыхэхьи лжьыгъэр и кIэм зэрыпэсар, апхуэдэ дзыхь зыхуащIахэм сэри саэзрыщыщыр, МВД-м ОБХСС-м сызэрагъакIуэ щыгъуазэ сащI. «Социалист мылькур ядыгъэуным ебэныным сэ гъэдыжьIакъым, си IэщIагъэр абы зыкIи хуэкIуэкъым», - щыжьиСIэм, сегупсысыну кьысхуагъэлъагъуэри, сыкьауатIыпщыж.

1969 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м Бабаев Сулътlан среджэ. Пэжыр жысIэнщи, абы япэу сыщыIупльам и нэгум ислъэгъуа ткIийзэм щтэ-Iэщтабгъ сищIат. Арщхьэкlэ, кьызэпсэльэн щидзэщ, кьыпыгуфIыкIри, сыдихьэхащ.

- Ди деж лэжьакIуэ ахуIуэхэр адрейхэм нэхърэ кьэзыгъэкIэ нэхъ губзыгъэу, щIэныгъэ ябгъэдэлъу, жыджэру, пщIэкIэ зэрыкIуэтэныным хущIэкъуу щытхэрщ. Апхуэдэхэрщ щIэпхъаджагъэм текIуэфынур. Мэкъумэщ IэщIагъэкIэ зэфIэкIыныкъым, уи едэным пыпщэн, щIэныгъэм хэбгъэхъуэн хуейщ, - кьызжиIащ Бабаевым.

ЕтIуанэ махуэм министерствэм социалист мылькур ядыгъуным ебэныныкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэу сыкъыщIидзащ. Мис абдежым кьыщежьэри унафэщI, пщыхьэщхьэр гувэху щIэст. Шэджагъэущхэ жыхуэпIэр ищIэхъэрэтэкъым, дакъикъэ зыбжанэкIэ зэнэм кIуэжу ар зэфIигъэкIыфыну Iэмал щыIэми. МыIэрыситI - арат зэрыхъур и шэджагъуашхэр.

Пщэдджыжьым сыхьэти 4-м ар плъыр частым псалъэрт, суткэм кьриубыдэу кьэхъуахэм щыгъуазэ зищIырти, зэфIэхьипхъэхэр кьалэн ящищIырт. УкIыгъэ щыIам, щIыпIэм езыр кIуэрт, зэгъэтIылъэкI щымыIу щIэпхъаджагъэр зылэжьар кьэлтыхьуэныр кьызэригъэпэщырт.

Сулътlан цIыху ткIийуэ, ауэ пэжым, захуагъэм и тельхьэу щытащ. Абы и лэжьакIуэхэр кьыщыхихкIэ я хьэл-щынэм, зыIыгъыкIэщытыкIэм, я цIыху хэтыкIэм, дэтхэнэри и унагъэм зэрыхущытым гулытэ хуищIырт. Эрэ нэхърэ нэхъ лэжьакIуэфIщымыIэми, фадэм удихьэхауэ, унагъуэм, щхьэгъусэм уепцIыжауэ кьыщIэкIэ, укъэсыжат.

ИпэжьпIэкIэ цIыху губзыгъэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, дзыхь зэбгъэз хьуну, щынэ зымыщIэ, хьэлэлу кьалэныр езыхъэкI лэжьакIуэхэр кьыхихьыфырт Сулътlан. Апхуэдэхэм ящыщщ абы и къуэдзэу щытахэу Уэзджыр Хьэжпагуэ (нэхъапэм Аруан райисполкомым и унафэщIащ) комсомолым и обкомым кьикIыу хабзэхъумэ хьуа Петренкэ Александр, нэгъуэщIхэри.

Сыт хуэдэ ткIиягъэхэльми, и лэжьакIуэхэм я сэбэн зыхэлъ, я гугъуехьхэр зэрызэфIихыным, хуэзэфIэкIымкIэ зэрызащIигъэкъуэным яужь итт.

Ар сыт щыгъуи хущIэкъурт дэтхэнэ зы Iуэхури нэщIыкъуэ зэрызэфIихыным. Сулътlан и Iуэху гъэзащIэм. Шэджагъащхэ жыхуэпIэр ищIэхъэрэтэкъым, дакъикъэ зыбжанэкIэ зэнэм кIуэжу ар зэфIигъэкIыфыну Iэмал щыIэми. МыIэрыситI - арат зэрыхъур и шэджагъуашхэр.

Пщэдджыжьым сыхьэти 4-м ар плъыр частым псалъэрт, суткэм кьриубыдэу кьэхъуахэм щыгъуазэ зищIырти, зэфIэхьипхъэхэр кьалэн ящищIырт. УкIыгъэ щыIам, щIыпIэм езыр кIуэрт, зэгъэтIылъэкI щымыIу щIэпхъаджагъэр зылэжьар кьэлтыхьуэныр кьызэригъэпэщырт.

Сулътlан цIыху ткIийуэ, ауэ пэжым, захуагъэм и тельхьэу щытащ. Абы и лэжьакIуэхэр кьыщыхихкIэ я хьэл-щынэм, зыIыгъыкIэщытыкIэм, я цIыху хэтыкIэм, дэтхэнэри и унагъэм зэрыхущытым гулытэ хуищIырт. Эрэ нэхърэ нэхъ лэжьакIуэфIщымыIэми, фадэм удихьэхауэ, унагъуэм, щхьэгъусэм уепцIыжауэ кьыщIэкIэ, укъэсыжат.

ИпэжьпIэкIэ цIыху губзыгъэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, дзыхь зэбгъэз хьуну, щынэ зымыщIэ, хьэлэлу кьалэныр езыхъэкI лэжьакIуэхэр кьыхихьыфырт Сулътlан. Апхуэдэхэм ящыщщ абы и къуэдзэу щытахэу Уэзджыр Хьэжпагуэ (нэхъапэм Аруан райисполкомым и унафэщIащ) комсомолым и обкомым кьикIыу хабзэхъумэ хьуа Петренкэ Александр, нэгъуэщIхэри.

Сыт хуэдэ ткIиягъэхэльми, и лэжьакIуэхэм я сэбэн зыхэлъ, я гугъуехьхэр зэрызэфIихыным, хуэзэфIэкIымкIэ зэрызащIигъэкъуэным яужь итт.

Пщэдджыжьым, зы дакъикъэ фIимыгъэкIыу, и чэзум лэжьапIэм кьакIуэрти, пщыхьэщхьэр гувэху щIэст. Шэджагъащхэ жыхуэпIэр ищIэхъэрэтэкъым, дакъикъэ зыбжанэкIэ зэнэм кIуэжу ар зэфIигъэкIыфыну Iэмал щыIэми. МыIэрыситI - арат зэрыхъур и шэджагъуашхэр.

Пщэдджыжьым сыхьэти 4-м ар плъыр частым псалъэрт, суткэм кьриубыдэу кьэхъуахэм щыгъуазэ зищIырти, зэфIэхьипхъэхэр кьалэн ящищIырт. УкIыгъэ щыIам,

Адыгэ напэр сыт щыгъуи гъащIэм и пэ ирегъэщ

2012 гъэр Урысейм и тхыдэм и ильэсу игъэувыж. Абы къыхэкIыу Уфа къалэм къыщыдэкI «Башкортостан» газетым и номеритIымэзэкIэлъхьэзыжьу иджыблагъэ къытрадзащ абы и корреспондент Акбулатовэ Фарзанэ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэм и къудэгъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист ЖЫЛАСЭ Заурбэм дриз-экIэзкIа интервью зыубгъуа. Нобэ ар гъэкIэщIауэ фи пащхьэ идольхьэ.

- Урысей Федерацэм куэд щIауэ льэпкъ куэд щыIэдонсу, арщхьэкIэ зым адрейм теухуауэ щIэр мащIэщ. Абы щыгъуэми дыззрыт ильэсыр Урысейм и тхыдэм и гъэщ икIи тхыдэр къызэрыгурыIуэм иджыри зэ дегупсысыжьыну щыIэсуфIыгъуэ диIэщ. Сыт тщIэн хуейр зы къэралым щыпсэу льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр дызэрыщIэн, зыр адрейм фIэхьэлэмэтыш папщIэ?

- Урысей Федерацэм льэпкъ зэмылIэужьыгъуэ 150-м щIигъу щопсэу, ижь-ижьыж льандэрэ ар я щIыналъэу икIи нэгъэщIэ хэку зыщIыпIи щамыIэу. ЛIэщIыгъэ куэдкIэ кьадэгъэзугурыкIуа тхыдэ къулей, зэхэтыкIэ, хабзэ удэзыхьэх абыхэм яIэщ. Дэтхэнэ зы льэпкъри зэи зыми ещхьыкъм икIи зихуэдэ дунейм теткъым. Ахэр щызэхьэхьэжьы и дежщ гъащIэр телъыджэ, щIэпщIгъуэ, бей щыхьэр. Абы щыгъуэми кьыбгурыIуэну гугъущ кьызыхэкIа льэпкъыр псом нэхърэ нэхъыжьу икIи нэхъыфIу жьыбIэхэр. Сыт хуэдэ Iмаэрин абыхэм кьалыхьуэ, псом хуэмыдэу я гъунэгъуэм зэрефIкI нэщэнэхэр къаулъэпхъащIи папщIэ. АрщхьэкIэ апхуэдэ щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щыхур дунейм кьызэрытехьэрэ ильэс мин зыбжанэ хьауад икIи абы льандэрэ нэгъэщIэ щIыхь лIэужьыгъуэ кьэхъуакъыми зыр адрейм кьытепщIыкIыжьауэ араш. Дэтхэнэ зы льэпкъми, абы сыт хуэдэ фIэщыгъэщIэ иIами, а гъэзугаиз кIыхьыр кьинIуаш, зэм зым хэпшIысхьрэ нужькIэ щхьэхуэ зищIыжу. Псори Iэдэмрэ Хьэуарэщ дыкъызытехьэкIыжар. Абы ипкъиткIэ КъурIэн ЛьапIэм и зы сурэ сигу кьокIыж: «ЩIыху псори зыгъэпскIыу щытащ, ауэ зэбгрыкIащ». А псалъэ Iущхэр эпиграф хуэхъуад адыгэщIыпIхъу куржы тхакIуэ Лохвицкий (Аджкыкъ-Дзэрий) Михаил Урыс-Кавказ зауэ лъыкIпсыкIым триухуа и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестым. Дунейр зрагъэлъагъуну хущIэкъуу щIыхухэр зэбгрыкIащ. Зэлъэпкъгъухэр зэфIэкIуэдащ, кьищынэмыщIауэ, зэман джкIыу щыIэхуэзэжкIэ зыми зыщIигъэщIэгъуэн щыIэкъым. Лъэпкъ, бэз кьабэз дыдэ щыIэкъым. Абыхэм сыт щыгъуи зыгуэрхэр кьахохьэ е хокIыж, зыр адрейм игъэбатэу, зригъэужьу. ИкIм-икIэжьмэ, зы щIыхуми и фIыгъэкъым зы льэпкъ гуэрым щыщу дунейм кьызэрытехьар - ар Алыхь Iэмырщ. Апхуэдэ дыдэу ар инджылызыуи, франджыуи, нэмыцэуи, нэгъэущ зыгуэрун кьалъхуфынут. А

Жыласэ Заурбэ

ЗыплъыхьакIуэхэр щыкуэдщ Iуащхьэмахуэ льапэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Нарт эпосым и лIыхъужь Сосрыкъуэ и цIэр зезыхьэ ресторанырщ.

шейхэ, нэгъэущI унэцIэхэри зезыхьэхэр. Ахэр адыгэхэм я пу щопсэу, ижь-ижьыж льандэрэ ар я щIыналъэу икIи нэгъэущI хэку зыщIыпIи щамыIэу. ЛIэщIыгъэ куэдкIэ кьадэгъэзугурыкIуа тхыдэ къулей, зэхэтыкIэ, хабзэ удэзыхьэх абыхэм яIэщ. Дэтхэнэ зы льэпкъри зэи зыми ещхьыкъм икIи зихуэдэ дунейм теткъым. Ахэр щызэхьэхьэжьы и дежщ гъащIэр телъыджэ, щIэпщIгъуэ, бей щыхьэр. Абы щыгъуэми кьыбгурыIуэну гугъущ кьызыхэкIа льэпкъыр псом нэхърэ нэхъыжьу икIи нэхъыфIу жьыбIэхэр. Сыт хуэдэ Iмаэрин абыхэм кьалыхьуэ, псом хуэмыдэу я гъунэгъуэм зэрефIкI нэщэнэхэр къаулъэпхъащIи папщIэ. АрщхьэкIэ апхуэдэ щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щыхур дунейм кьызэрытехьэрэ ильэс мин зыбжанэ хьауад икIи абы льандэрэ нэгъэущI щIыхь лIэужьыгъуэ кьэхъуакъыми зыр адрейм кьытепщIыкIыжауэ араш. Дэтхэнэ зы льэпкъми, абы сыт хуэдэ фIэщыгъэщIэ иIами, а гъэзугаиз кIыхьыр кьинIуаш, зэм зым хэпшIысхьрэ нужькIэ щхьэхуэ зищIыжу. Псори Iэдэмрэ Хьэуарэщ дыкъызытехьэкIыжар. Абы ипкъиткIэ КъурIэн ЛьапIэм и зы сурэ сигу кьокIыж: «ЩIыху псори зыгъэпскIыу щытащ, ауэ зэбгрыкIащ». А псалъэ Iущхэр эпиграф хуэхъуад адыгэщIыпIхъу куржы тхакIуэ Лохвицкий (Аджкыкъ-Дзэрий) Михаил Урыс-Кавказ зауэ лъыкIпсыкIым триухуа и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестым. Дунейр зрагъэлъагъуну хущIэкъуу щIыхухэр зэбгрыкIащ. Зэлъэпкъгъухэр зэфIэкIуэдащ, кьищынэмыщIауэ, зэман джкIыу щыIэхуэзэжкIэ зыми зыщIигъэщIэгъуэн щыIэкъым. Лъэпкъ, бэз кьабэз дыдэ щыIэкъым. Абыхэм сыт щыгъуи зыгуэрхэр кьахохьэ е хокIыж, зыр адрейм игъэбатэу, зригъэужьу. ИкIм-икIэжьмэ, зы щIыхуми и фIыгъэкъым зы льэпкъ гуэрым щыщу дунейм кьызэрытехьар - ар Алыхь Iэмырщ. Апхуэдэ дыдэу ар инджылызыуи, франджыуи, нэмыцэуи, нэгъэущI зыгуэрун кьалъхуфынут. А

Темыркъан Юрэ

жыIахэм кьикIыркъым дыкъызыхэкIа льэпкъыр, тIэрыпIь бзэр, ди адэжьхэм кьадэгъэзугурыкIуэ щэнхабзэр, тхыдэр тщIэн, дригушхэн хуэмейуэ. Алыхьталэм льэпкъ гуэрым дышыщу дыкьышигъэщIакIэ, абы и хьуэмэнымрэ етъофIэкIуэнымкIэ кьалэн пыухыкIаэрри фIэкIыпIэншэу диIэщ. Абы иужькIэщ дыкьызыхэкIа льэпкъым дыщыхуэфащэр.

- Адыгэхэм (щэрджэсхэм) я тхыдэм дышыбгъэхъуэхэр? Сыт абыхэм зэмыщхьу урысыбзэкIэ щIеджэр?

- Дэ псори дызэрызэдджэжыр «адыгэ»-щ, нэгъэущIхэм «черкес» кьытфIащащ. А фIэщыгъэщIэм кьызэщIеубыдэ адыгэ льэпкъыгъэу щыщкIуI. Адыгэхэм мызэмытIэу я кьэралыгъуэ щхьэхуэ я яухуащ. Нобэрей тхыдэтхэхэм ди кьежьапIэу кьалытэ Синдикэ кьэралыгъуэр. Псалъэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, ди республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и холдинг лъэрызехьэм «Синдикэ» фIищащ, премьер-лигэм щыдджэгуа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я бгъэгъуэ щIыпIым кьыщыгъэлъэгъуа щабзищ зэблэдзар тетщ и лъабжьэм «Синдикэ» жиIэу тетхауэ, Ар ди тхыдэм хуэфащэ пщIэ льаг зэрыхуэтщIым и щыхьэтщ. Синдикэ кьэралыгъуэм кьыкIэлъыкIуащ кIэсэгъу-абхьаз союзыр (ди эрэм и пэкIэ VIII-Х лIэщIыгъуэхэм), Боспор пащтыхьыгъуэм хьыхьэщыр, Черкесиер... Я тхыдэ кIыхьым кьрибудзу адыгэхэм пасэрей фIэщыгъэщIэ зыбжанэ яIащ. Нэхъ цIэрыIуэхэщ зиххэр, мэуэтхэр, синдхэр, дандарэр, керкетэр, кIэсэгъуэр, нэгъэущIэхэри. XIII лIэщIыгъуэм щыщIэдзауэ ахэр «черкес»-м трегъэкIуэт, античностым кьызэрыдэджа «керкет»-р ихьэужу.

Адыгэхэм тхыдэ дахэ яIэщ, ауэ мыгъущыж уIэгъэу абы тельщ 1763-1864 гъэхэм щыIа Урыс-Кавказ зауэр. Урыс пащтыхьым и зэрыпхьэуакIуэ политикэм и зэранкIэ адыгэхэм яфIэкIуэдащ я щIыхуэм ящыщу процент 90-мрэ я щIым и процент 75-мрэ. Абыи кьыщыналъым. «Зэхэгугэщи, щIэтепщэ» Iэмалыр тегъэщIапIэ ящIри, адыгэхэр я псэупIэкIэ зэкъуадзащ икIи зэмыщхь льэпкъыщIэхэр официальнэу кьрагъэщтащ: адыгей, кьэбэрдей, шэрджэс, шапсигъ. Ахэр дызэрыздзэжьым, нэгъэущIхэр кьызэрыдэджэм, щIыпIэщIм, льэпкъыгъуэхэм я щIм я фIэщыгъэщIэ зэхэщащ. АрщхьэкIэ льэпкъ зэхэщIыкIыр яхуэкъутакъым икIи щIыхьэрадыгъэу дыкъэнащ, дызэрыльытэу икIи пэкIэ дызэпыщIауэ. НобэкIэ Урысей Федерацэм адыгэ мин 900-м нэблагъэ щопсэу. Ахэр зэуIуу щыхэгушащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм. Абыхэм ящыщу 3-м ахэр субъектхэр къэзыгъэхъущ: Къэрэшей-Шэрджэсым - шэрджэсхэр, Адыгеим - адыгэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым - къэбэрдейхэр.

- Дунейм и къралыгъуэ кудми адыгэхэр мымащIэу зэрыщыпсэуэм дыщыIуэнэщ. Дауэ ахэр абыхэм кьызэрыщыхутар? ЗэпыщIэныгъэ яхуиIэ икIи хэхэсхэм я щIэблэм адэжь Хэкум и хьыбар ящIэр?

- Урыс-Кавказ зауэр щекIуэкIымрэ абы нужьымрэ адыгэ минищхэр залымыгъэкIэ адэжь Хэкум ирахуащ. Гуауэращи, лIэщIыгъуэкIэрэ зэбий урысхэмрэ тыркухэмрэ абыкIэ зэакьылъэгъу хъуащ: зыр Кавказым хуейт абы щIыпсэухэр имысыжу, адрейр щIэхьэпсырт и дзэхэм папщIэ зауэлI хахуэхэмрэ я гаремхэр щIэз зыщIыну щыхубз тхьэIуудхэмрэ зыIэригъэхьэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зи жьэгупащхьэр зрагъэбгына адыгэхэм егъэзыпIэ щагъуэтащ Уэсмэн империем. ИрагъэIэпхьукIэхэр тенджиз фIыщIэмкIэ эпрашащ икIи адыгэхэм ящыщ минхэр абы щIилъэфащ, кхъухьхэм ахэр егъэлеяуэ зэрырагуам кьыхэкIыу. Араш ди лъэпкъэгъу куэдым иджыри кьэс щIамышхьи а щIыпIэм кьыщагъубыда бдзжьейхэр.

Апхуэдэу XIX лIэщIыгъуэм икуэмрэ и кIэухымрэ адэжь Хэкум ирахуа адыгэ минхэр Уэсмэн империем кьыщыкъутащ. Ар зэхэщэжа ижькIэ абы кьытепщIыкIыжа къэралыгъуэхэм ихьэшбэр кьинащ, хэти нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэпхьуащ. Иджыпсту адыгэхэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэур Тыркуращ. Яныныкъуэхэм кьызэралытэмкIэ, абыхэм я бжыгъэр мелуаныр 7-м ноблагъэ. Израильм адыгэ къуажитI кьыщынащ - Риханиерэ Кфар-Камэрэ. Щопсэу адыгэхэр куэду Сирием, Иорданием, Ливием, Европэм и зыгъэгъуэхэм, США-м, КъуэкIыпIэ Гъуэгуанэ и адрей щIыпIэхэм. Кьапщтэмэ, Сирием ди лъэпкъэгъуэр щIыху мини 120-м щыщIегъу, Иорданием апхуэдизу щыIэщ, Ливием мин 50-м щыпсэлъагъэ. Адыгэ куэд хамэ щIыпIэхэм щыIащ, адэжь Хэкум зэ нэхъ мыхьуми Iуплъэжьыну я и кьыхуикIыу, абы кьагъэзэжьыну щIэхьэпсэу.

Псом ихьэкъэ нэхъ щынагъуэращи, ди къралым щыпсэуэхэмрэ хамэ щIыпIэ щыщыхутахэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр ильэс куэдкIэ кьызэпыудауэ кьекIуэкIащ. ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ ильэс щэ ныкъуэ и пэкIэ Мэзкуу щрагъэкIуэкIа фестивалращ ахэр япэу щызэрыщIэжар. Ар ди зэрыгъэзэжьымкIэ кьежьапIэ хуэхъуащ икIи кIуэ пэтми efIакIуэ зэпытщ. Хэхэсу псэуа адыгэ куэдым адэжь Хэкум кьагъэзэжащ, ящыныкъуэхэм я бынхэр еджакIуэ кьагъакIуэ, хьэрычэт Iуэхуэхэр кьызэIуах, я благъэ-Iыхьлыхэр зрагъэгъуэтаж. 90 гъэхэм Косовэ кьыщыхуахэм яужькIэ Югославием щыпсэуа ди лъэпкъэгъуэхэм зызэщакъуэрэ кьагъэзжащ икIи Адыгеим щетIысэхьажащ. Иджыпсту республикэхэм я унафэщIхэр федеральнэ кьулыкъущIэхэр я гъусэу йолэжь граждан зауэр щызэщIэпIъэ Сирием адыгэхэр кьишыжьым ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Ди лъэпкъэгъуэхэр эпэщIуэвахэм я зэхуакум кьыдэхутащ икIи лей кьатехьэнкIэ щынагъуэшхэу щыIэщ.

Адыгэхэм кьагуроIуэ мы дуней зэрызехьэм узэкъуэту фIэжIа узэрыхэмыпсэужьыфынур. Аращ адэжь Хэкум исхэри хамэ щIыпIэ кьыщыхутахэри зыр адрейм щIыхуеIэр. КIуэ пэтми нэхъ ткIийуэ кьоув хэхэс адыгэхэр кьешэлIэжьыным, псоми ди зэхуэдэ литературэбзэ, хьыбарегъащIэ, экономикэ щытыкIэ кьызэгъэпэщыным, Урысей Федерацэм и зы субъекту ди лъэпкъэгъуэхэр зэкъуэгъэзывэжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. АрщхьэкIэ ахэр кьелъхьэ адыгэхэр щыпсэу щыналъэхэр урыс, кьэзакъ жылагъуэхэмкIэ зэрызэпыудам. Шэч хэлъкъым дыкъэзыIуэахэр зэрегупсысам зэгуэр дызэкъуэувэжыну дызэрихьэщIэкъунум икIи ар хэзгугъу щIыпIэхэм Iэпхьуащ. Иджыпсту адыгэхэр хамэ лъэпкъэр зрагъэтIысыжьа кьалэхэмрэ кьуажэхэмкIэ дызэпахулыкIащ.

- Интернетым щIэх-щIэхыгъэ къызэрыхэр кьэралыхьэ адыгэхэр 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимпи Джэгухэм я бийуэ кьуву кьыхэщу. Сыт абы и щхьэусыгъэр?

- Урыс-Кавказ зауэм и щIыпIэгъуэр зэкъуэгъэзывэжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. АрщхьэкIэ ахэр кьелъхьэхэ адыгэхэр щыпсэу щыналъэхэр урыс, кьэзакъ жылагъуэхэмкIэ зэрызэпыудам. Шэч хэлъкъым дыкъэзыIуэахэр зэрегупсысам зэгуэр дызэкъуэувэжыну дызэрихьэщIэкъунум икIи ар хэзгугъу щIыпIэхэм Iэпхьуащ. Иджыпсту адыгэхэр хамэ лъэпкъэр зрагъэтIысыжьа кьалэхэмрэ кьуажэхэмкIэ дызэпахулыкIащ.

- Адыгэхэр дауэ хущыт Лермонтовым и повестым хэт Бэлэр и образым. Ар зы гуэрым кьытрищIыкIа хьэмэрэ зэрыщыту кьигупсыса?

- Урыс тхакIуэ, усакIуэ куэд Кавказым итхъэкъуащ икIи я Iэдакъэщ Iэ нэхьыфIхэр абы трауухащ. Псом хуэмыдэу ди щIыпIэм пщIэшхэу щыхущI Пушкиным, Лермонтовым, Толстойм адыгэхэр кьыхэощу я кьалэмыпIэм кьыщIэкIахэм. Лермонтовым и «Герой нашего времени» романым кьыщыгъэльэгъуащ адыгэ бзыльхугъэм игъащIэ льандэрэ кьыдэгъэугурыкIуэ хьэр-щэнхэр - пэжагъыр, пэ кьабзагъыр, дахагъыр, гъэсэныгъэ екIур, зыщыIэныгъэ зэрыхэльыр... «Мцыри» поэмэми пэжагъ ин хэлъу кьыхощ адыгэлIыр щхьэхунту, уардэу, лIыгъэ хэлъу кьыззрекIуэкIар.

- Адыгэхэр адрейхэм сыткIэ кьащхьэщыкIрэ? Ахэр дауэ дунейм кьызэрыщащIыхур?

- Ди щIыпIэм куэд дыдэу кьихьэу щыта зыплъыхьакIуэхэм адыгэхэр Кавказым и уэркъыч кьалытэу щытащ. Абыхэм яфIэтельыджэт бгырысхэм я хьэщIэгъэзблэгъэкIэр, цIыхухъхуэм я лIыгъэр, щIыхубзхэм я щэныфIагъыр, щыпсэу щыпIэм и дахагъыр. Адыгэм напэр сыт щыгъуи гъащIэм и пэ иригъэщырт, щыр и ныбжьэгъу пэжт. Адыгэшыр дунейм щынэхьыфIу кьалытэрт. Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Iущхьэмахуэ эрыгъыр ди щIыналъэращ. Адыгэ хабзэр, адыгэ фащэр, адыгэ шхыныгъуэр зыхуэбгъэдэн щыIэкъым. Шабзишыр щызэблэдза адыгэ нып удыпфэр льэпкъыр зэкъуэувэжьымы и нэщнэ дахэщ икIи нобэ Адыгэ Республикэм и официальнэ бэракъщ.

- ЩIалэгъуалэр льэпкъ тхыдэм дихьэхрэ икIи нобэрей адыгэм дауэ зэрызыхущIэр хабзэм тетымыр?

- Дэ хуабжьу дрогушхуэ адыгэ щIалэгъуалэр льэпкъ тхыдэм зэрыдихьэхым, хабзэмрэ зэхэтыкIэ дахэмрэ тетыну зэрызхущIэкъум. Анэдэлхубзэм екIуу иринсэлъэным, щэнхабзэр зэгъэщIэным, адыгэ хабзэм тетымкуэд хущIокъу. Аухэращ нэхьыбэу икIи ткIийуэ кьэзыгъэувыр льэпкъыр зэрыубыдыжьымы, абы зиузэщIыпым тегуэа Iуэхугъуэхэр. Адыгэ нып ящыщ я щIалэгъэм, пщтырагъым кьыхэкIыму щрагъэлей къэмыхуэ папщIэ нэхъыжьыфIхэм ахэр зэтраIыгъэ.

- Сыт хуэдэ тхыгъэ, хьыбар щIэрыIуэхэр адыгэхэм кьащIэна?

- Эпос яIэу дунейм льэпкъ машIэ дыдэщ тетыр. Адыгэхэр абыхэм ящыщ зыщ. Ар и щыхьэтщ ди льэпкъым кьежьапIэ жыжьэ, тхыдэ кьулей зэрИэм. Адыгэхэр дызэрыгушхуэщ «Нарт» эпосыр. Тхыгъэ зимыIу ди льэпкъым хуэфIэкIащ нарт лIыхъужьхэм зтеухуа хьыбархэр усэкIэ гъэпсауэ ильэс минхэм кьыкIуэщрихьу нобэм кьытхуихьэсын.

- Сыт хуэдэ гугъэхэмкIэ псэурэ иджыпсту адыгэхэр?

- Дэ кьэралыгъуэшхуэм и зы Iыхьэу дыщытщ. Абы щыпсэу дэтхэнэ зы льэпкъми хуэдэу дыхуейщ дыдажьэрэ дышэжьу, щIэблэ узышIэ кьытщIэхъуэу, мамыру дыпсэуну. Дэ кьыдгуроIуэ дапхуэдэу блэкIа гуузиаIи, ди гухэр гужьгъэжьым зэщIедгъэжьыдэ зэрымыхьунур. БлэкIам укIэльыIэбжькIэ зыри кьыкIынукъым, нобэмрэ пщдекIмрэ хуэлэжьэн хуейуэ араш.

Гу зылъытапхъэ: «Башкортостан» газетыр 1917 гъэм и мэкъуаугъэгъу мазэм щегъэжьауэ башкирыбзэкIэ къыдокI. Иджыпсту абы и тиражыр мин 33-рэ мохъу.

Фэ фи литературэр хэт къэралщо утыку изыщэфар?

- Дэри апхуэдэхэр ди мащIэкъым. Я цIэ кьынIуэну урикъунщ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КIыщокъуэ Алим, Къэрал саугъэтхэм я лауреатхэу Мэпбащэ Исхьэкъэр КIрашэ Темботрэ. Абыхэм я кьалэмыпIэм кьыщIэкIащ къэрал псом щызэIэпахыу нобэми зэдж тхыгъэ купщIафIэ куэд.

- Нобэ хэт сымэ фызэрыгушхуэр?

- Апхуэдэхэри ди куэдщ. Къэралым ису кьыщIэкIынкъым Урысей Федерацэм и цIыхубз артист зэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэ Тут Заур и макъ дахащэм димыхьэх, дирижер тельыджэ Темыркъан Юрэ и Iэзатыр кьэзымылъытэ. Ди къэралым и щIэр яIэтащ Олимп чемпионхэу Къардэн Мурат, Хъущт Асльэнбэч, дуней псом щэнейрэ щытекIуа бнакIуэ Махуэ Билал, дзюдоист Джэданэ Алим, щIэныгъэлI тельыджэхэу Къумахуэ Мурадинрэ Нэхущ Iэдэмрэ, сурэтыщI Iуэуэзджэ Пащты Герман сымэ, нэгъэущIхэми.

- Адыгэхэр дауэ хущыт Лермонтовым и повестым хэт Бэлэр и образым. Ар зы гуэрым кьытрищIыкIа хьэмэрэ зэрыщыту кьигупсыса?

- Урыс тхакIуэ, усакIуэ куэд Кавказым итхъэкъуащ икIи я Iэдакъэщ Iэ нэхьыфIхэр абы траухуащ. Псом хуэмыдэу ди щIыпIэм пщIэшхэу щыхущI Пушкиным, Лермонтовым, Толстойм адыгэхэр кьыхэощу я кьалэмыпIэм кьыщIэкIахэм. Лермонтовым и «Герой нашего времени» романым кьыщыгъэльэгъуащ адыгэ бзыльхугъэм игъащIэ льандэрэ кьыдэгъэугурыкIуэ хьэр-щэнхэр - пэжагъыр, пэ кьабзагъыр, дахагъыр, гъэсэныгъэ екIур, зыщыIэныгъэ зэрыхэльыр... «Мцыри» поэмэми пэжагъ ин хэлъу кьыхощ адыгэлIыр щхьэхунту, уардэу, лIыгъэ хэлъу кьыззрекIуэкIар.

- Адыгэхэр адрейхэм сыткIэ кьащхьэщыкIрэ? Ахэр дауэ дунейм кьызэрыщащIыхур?

- Ди щIыпIэм куэд дыдэу кьихьэу щыта зыплъыхьакIуэхэм адыгэхэр Кавказым и уэркъыч кьалытэу щытащ. Абыхэм яфIэтельыджэт бгырысхэм я хьэщIэгъэзблэгъэкIэр, цIыхухъхуэм я лIыгъэр, щIыхубзхэм я щэныфIагъыр, щыпсэу щыпIэм и дахагъыр. Адыгэм напэр сыт щыгъуи гъащIэм и пэ иригъэщырт, щыр и ныбжьэгъу пэжт. Адыгэшыр дунейм щынэхьыфIу кьалытэрт. Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Iущхьэмахуэ эрыгъыр ди щIыналъэращ. Адыгэ хабзэр, адыгэ фащэр, адыгэ шхыныгъуэр зыхуэбгъэдэн щыIэкъым. Шабзишыр щызэблэдза адыгэ нып удыпфэр льэпкъыр зэкъуэувэжьымы и нэщнэ дахэщ икIи нобэ Адыгэ Республикэм и официальнэ бэракъщ.

- ЩIалэгъуалэр льэпкъ тхыдэм дихьэхрэ икIи нобэрей адыгэм дауэ зэрызыхущIэр хабзэм тетымыр?

- Дэ хуабжьу дрогушхуэ адыгэ щIалэгъуалэр льэпкъ тхыдэм зэрыдихьэхым, хабзэмрэ зэхэтыкIэ дахэмрэ тетыну зэрызхущIэкъум. Анэдэлхубзэм екIуу иринсэлъэным, щэнхабзэр зэгъэщIэным, адыгэ хабзэм тетымкуэд хущIокъу. Аухэращ нэхьыбэу икIи ткIийуэ кьэзыгъэувыр льэпкъыр зэрыубыдыжьымы, абы зиузэщIыпым тегуэа Iуэхугъуэхэр. Адыгэ нып ящыщ я щIалэгъэм, пщтырагъым кьыхэкIыму щрагъэлей къэмыхуэ папщIэ нэхъыжьыфIхэм ахэр зэтраIыгъэ.

- Сыт хуэдэ тхыгъэ, хьыбар щIэрыIуэхэр адыгэхэм кьащIэна?

- Эпос яIэу дунейм льэпкъ машIэ дыдэщ тетыр. Адыгэхэр абыхэм ящыщ зыщ. Ар и щыхьэтщ ди льэпкъым кьежьапIэ жыжьэ, тхыдэ кьулей зэрИэм. Адыгэхэр дызэрыгушхуэщ «Нарт» эпосыр. Тхыгъэ зимыIу ди льэпкъым хуэфIэкIащ нарт лIыхъужьхэм зтеухуа хьыбархэр усэкIэ гъэпсауэ ильэс минхэм кьыкIуэщрихьу нобэм кьытхуихьэсын.

- Сыт хуэдэ гугъэхэмкIэ псэурэ иджыпсту адыгэхэр?

- Дэ кьэралыгъуэшхуэм и зы Iыхьэу дыщытщ. Абы щыпсэу дэтхэнэ зы льэпкъми хуэдэу дыхуейщ дыдажьэрэ дышэжьу, щIэблэ узышIэ кьытщIэхъуэу, мамыру дыпсэуну. Дэ кьыдгуроIуэ дапхуэдэу блэкIа гуузиаIи, ди гухэр гужьгъэжьым зэщIедгъэжьыдэ зэрымыхьунур. БлэкIам укIэльыIэбжькIэ зыри кьыкIынукъым, нобэмрэ пщдекIмрэ хуэлэжьэн хуейуэ араш.

Гу зылъытапхъэ: «Башкортостан» газетыр 1917 гъэм и мэкъуаугъэгъу мазэм щегъэжьауэ башкирыбзэкIэ къыдокI. Иджыпсту абы и тиражыр мин 33-рэ мохъу.

«Балкария» ансамблыр адыгэ удж-пыху къоф.



КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Налшык дригъэщIыхьа мэжджыдырщ.

Къумахуэ Мурадин



Нэхущ Iэдэм

Къардэн Мурат

«Кабардинка» ансамблым и солистхэр.

УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI ПАЩТЫ Герман:

● Ди псэлъэгъуэхэр

Республикэр зыгъэдахэр Хэкум исхэм фи гуащIэращ

УФ-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкlэ Урысей Академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, Красноярск ксилографиемкlэ щыIэ студием и кIыэзгъэпэщакIуэ нкIи и унафэщI Пашты Герман «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым кьытхуеблагъэри, ди упщIэ зыбжанэм жэуап иритащ.

- Дахагъэр зыхэзыщIэхэр уи лэжьыгъэхэм дехьэх. Иужьрей зэманым уи Iэдакъэщlэкlхэм хэль псэгъэгуфIэ-дахагъэмкlэ загъэнщIыну Iэмал зиIар сыт хуэдэ щIыналъэм исхэра?

- Уралым щыщIэдзауэ Къуэкlыпlэ Жыжьэм нэс, Улан-Удэ щегъэжьауэ Якутск щичхьу щызогъэльагъуэ си лэжьыгъэхэр. Зэпымыууэ си щхьэзакъуэ выставкэхэр щIналъэ зэмылIужьыгъуэхэм утыку кьыщIэзохь, урысейпсо, дунейпсо зэхэлъхьэхэм сыхэтщ.

«200 гравюр Красноярскай студии ксилографии» гъэлъэгъуэныгъэр 2006 гъэм Пекин щекIуэкIащ. Гонконг, Пекин щыщ журналистхэр зэпымыууэ зытетхыхьа зэхьыхьэшхущ ар. Иужьрей, 2009 гъэм, си выставкэхэр Китайм и кьалищым щрагъэжьауэкIащ.

Художествэхэмкlэ Урысей Академием и творческэ мастерскойм щащIа лэжьыгъэхэм я дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ Благовещенск кьыщIыз зIуахащ. ЩIыпIэ-щIыпIэхэм ягъэIэпхьуэ а выставкэр Благовещенск кьалэм и лъахэхутэ къудамэм фокIадэм и 16 пщIондэ зэIухауэ щытынущ. Зэхьыхэм теухуа каталог екIуи кьыдагъэжащ.

Совет властым и зэманым ксилографхэм гравюрэ 600-м я гъэльэгъуэныгъэ СССР-м и республикэ 16-м кьыщызэрагъэпэщыну я мурада щхьэкlэ, кьайхьулакъым. Китайм гравюрэ 1000 згъэхьэзырыну кьыщысхуигъэльагъуэм, ар сызыпэмылъэщыну бжьгъэу къэслъытэри, гравюрэ 600-кlэ кьэзгъэгугъащ. Абы теухуа хьыбарыр ильэзгъэлъэсащ Челябинск, Уфа, Москва, Санкт-Петербург, Улан-Удэ, Якутск, Иркутск кьалэхэм, Тывам, Германием, нэгъуэщI щыIпIэхэм щыпсэу си гъэсэнхэм. Къыхэсащ лэжьыгъэхэм сахэплъэурэ нэхъыфIэр кьыздыхэзэхым, гравюрэхэм я бжьыгъэр зэрымыщIэкlэ 1000-м нэблагъащ. Абы зэрыхьукlэ си лэжьыгъэ нэхъ мащIэ зэрыхэзгъэхьэныж иужь ситащ, ауэ 1000 ирикъуа нэужь, си зы лэжьыгъэ щIызгъужащ, «гравюрэ 1001-рэ ирехьу», - жысIэри. Китайхэм апхуэдизэ гравюрэр абдж рамкэхэм ирагъэувэри, «1001 гравюра Красноярской студии ксилографии Германа Паштова» гъэлъэгъуэныгъэм сэри си гъэсэнхэри Хербин дагъэблэгъащ.

«Искусство книги» дерсымкlэ лъэщапlэ щызиIа Красноярск и Художественнэ институтыр, Красноярск кьалэм Художествэхэмкlэ и Урысей Академиер кьызэрызэIухрэ ильэс 25-рэ зэрырикъум теухуа выставкэхэр, Москва Художествэхэмкlэ Урысей академием щеджэ си гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр утыку зэрисхьэнум зыхузогъэхьэзыр.

- Тхакlуэ, усакlуэхэм я тхыльхэм сурэтхэр яхуэпщIну кьыззэригуэкlкlым. Герман, ар ауэ фIыуэ кьызэрохьулIэм дыщыгъуэзэщ...

- Налшык сыщыпсэуам «Эльбрус» тхыль тедзапIэм сыдэлажьэу щытащ. Абы щыгъуэ республикэм и тхакlуэхэмрэ усакlуэхэмрэ я Iэрытххэм седжэурэ сурэт яхуэсщырт. Иджыри дунейм кьытемыхьа, зыми ямылъэгъуэ тхьылыщIэхэр япэу щIэзыджыкlыр сэратти, сурэт щIэщыгъуэхэр яхуэсщIырт. 1965 гъэм кьыдэкIа КIэщт Мухьэз и «Щlыр кьызодж» усэ тхылым и жинтым сурэт хуэсщIащ мыльрысэ плъыкlкlэр зыплъэ жыгым кьещIэщэхьу, абы и лъабжьэм щIызоб щIэту. 1966 гъэм кьыдэкIа Агънокъуэ Лашэ и усэ тхылым тет сурэтым жыг щIагъым щIэт тетIысхьапIэм усэ еджэзу пщащэ тесу кьыщыззгъэльэгъуэщI. Абыхэм кьакlэлъыкlуащ Кlыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Нало Ахьмэдхьан, Щоджэнцыкlу Нурий, Къэрмокъуэ Хьэмид, Кхъуэлуфэ Зыхчим, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ, нэгъуэщI куэдым я тхылъхэр. КIуащ БетIал и «Молодые журналы» тхылъым хуэсщIа сурэтым «Искусство книги» урысейпсо зэпеуэм и щIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ. Къэбэрдей-Балкъэрым и тхакIуэ, усакIуэхэм кьадэкIуэу, урысхэм я тхылъхэми сурэтхэр яхуэсщIащ. Псори зэхэту тхылъ 15-м нэблагъэ Москварэ Налшыкрэ кьыщыдэзгъэкlащ. Москва и «Советская Россия», «Детская литература» тхылъ тедзапIэхэм Лермонтовым и поэмэхэм ильэситхум кьриубыдэу гравюрэ 40-м нэблагъэ тезухуащ. Пушкиным и «Тхыгъэ кьыхэхахэм» ильэсипщIкlэ селэжьащ, гравюрэ зыбжанэ хуэсщIу. Краснорск дэт Политехникэ университетым и юбилейм ирихьэлIэу напэкlуэцI 400 хьуурэ кьыдэкIа тхылым ихуа сурэтхэм селэжьауэ щытащ. ИтIанэ, Красноярск крайр ильэс 70 щрикъум ирихьэлIэу «Ксилографы Красноярска» альбомыр кьыдэзгъэкlащ, пэублэ псальэр щIналъэм и губернатору щыта Хлопонин Александр ейуэ.

- Къэзанокъуэ Жбагы, Агъ-нокъуэ Лашэ, Пащlэ Бэчмырзэ, Нэгумэ Шорэ сымэ дунейм зэрехьажрэ псы Iэджи екlэхащ нкIи сурэти кьащIэнакьым. Уэ абыхэм я тепльэр уи лэжьыгъэхэм дауэ кьыззэрыщыбгъэлъэгъуар?

- Си нэгу кьыззэрыщIыхьэм хуэдэуэ абыхэм я сурэтхэр зэрысщIар. Къэзанокъуэ Жэбагы кьызэральхурэ ильэс 300 щрикъум ирихьэлIэу и сурэтыр сщIащ. Пащlэ Бэчмырзэ и сурэтыр линогравюрэу сщIащ, адыгэ поэзием и лъабжьэр зыгъэтIылъа цIыхубэ усакIуэ жиIэу и хуэрегъкlэ КIуащ БетIал и «Молодые журналистхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм ящу зэгуащIах. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ●